

Vi Prive Ou

The Home for Little Wanderers respekte vi prive ou. Nou vle eksplike ou pratik konfidansyalite nou pou pwoteje enfòmasyon medikal pèsònèl ou.

Responsabilite Nou

Lalwa oblije The Home for Little Wanderers pou:

- Kenbe enfòmasyon lasante ou konfidansyèl.
- Asire ke prekosyon yo an plas pou limite koleksyon ak izaj enfòmasyon lasante ou.
- Founi avi sa konsènan responsabilite nou ak pratik konfidansyalite nou yo.
- Respekte tèm avi sa ki an efè kounyea.

Dwa Ou Yo

Ou gen dwa pou:

- Mande ke nou mete restriksyon sou fason nou sèvi ak pataje enfòmasyon lasante ou. Nou paka ranpli tout demann yo.
- Mande ke nou sèvi ak yon nimewo telefòn spesifik oswa adrès spesifik pou kominike avèk ou.
- Gade ak kopye enfòmasyon lasante ou (yo ka aplike yon frè). *
- Mande adisyon oswa koreksyon nan enfòmasyon lasante ou. *
- Resevwa yon deklarasyon revelasyon enfòmasyon lasante ou (sòf revelasyon pou tretman, peyman, ak operasyon, ak kèk revelasyon obligatwa, toude ki pral eksplike nan avi sa; revelasyon ke ou òtorize tou pa ladan l). *
- Ou gen dwa pou yo notifie ou se ta gen yon vyolasyon nan enfòmasyon sante pèsònèl nonòtorize. The Home pral notifie ou an pèsòn (lè sa posib), oubyen pa telefòn (ak òtorizasyon nesesè an), swivi pa yon lèt de The Home's Risk Management, Evaluation, and Outcomes Department [Administrasyon Risk, Evaliyasyon ak Depatman Konsekans The Home].

Demann ki swiv ak yon aksteriks () fèt pou a lekri.*

Kijan nou kon sèvi ak enfòmasyon lasante?

The Home sèvi ak enfòmasyon lasante ou pou ba ou meye tretman nou kapab. Egzanmp sou kijan nou sèvi ak enfòmasyon lasante ou enkli:

- **Tretman** – Dabitid nou pataje enfòmasyon lasante ou ak pwofesyonèl medikal nou yo ak anplwaye lasante nou yo k ap patisipe nan swen ou pou kòdine oubyen jere tretman, ke li nan The Home ou non. Sa a se pou asire ke nou pataje konpreyansyon bezwen tretman ou yo.
- **Peyman** – N ap pataje enfòmasyon lasante ou a plan lasante ou pou ke yo ka peye The Home pou sèvis yo ba ou. Pa egzanmp. Nou ka founi konpayi asirans ou an yon rizime

Tretman ou kòm Pasyan ki pa ospitalize pou yo detèminen ke sèvis sa yo nesèsè dapre regleman yo. Sepandan, ou gen dwa pou mete restriksyon sou revelasyon enfòmasyon lasante pèsònèl ou yo bay yon plan lasante nan sikonstans kote ou ap peye pou sèvis lan òkòmplè de pòch ou.

- **Operasyon** – Yo sèvi ak enfòmasyon kliyan an pou Asire Kalite ak Revize Itilizasyon, pou ede nou planifye fason pou sèvi ou miyo.

Nou obsève tout lwa leta ak federal ki aplikab, enkli nenpòt ki lwa ki afekte kapasite ou pou sèvi ak enfòmasyon lasante ou pou tretman, peyman ak operasyon.

Lòt Izaj:

Ak pèmisyon ou, nou ka sèvi ak enfòmasyon ou pou:

- Kominike, lè li nesèsè, ak fanmi ou oswa bon zanmi ou k ap patisipe nan swen ou.
- Konsilte ak lòt pwofesyonèl medikal oubyen lekri ou an.
- Idantifye opsyon altènatif oubyen sèvis swit medikal.

Tout lòt izaj ak revelasyon kòm revelasyon nòt sikoterapi oubyen sèvi ak enfòmasyon pou rezon maketinn, ke yo pa dekri oparavan, sèlman ka fèt ak òtorizasyon ou a lekri. Ou ka revoke òtorizasyon ou a nenpòt ki moman.

Enfòmasyon nou ka bezwen pataje san òtorizasyon ou:

Gen de fwa limite ke lalwa pèmèt oubyen oblije ke nou revele enfòmasyon lasante ou san ke ou pa bay pèmisyon a lekri. Sitiyasyon sa yo se:

- Pou pwoteje viktim de abi oswa neglijanans de aktivite siveyans gouvènman kouwè ankèt fwòd.
- Pou pwosedi lajistis oswa administratif.
- Si lalwa oswa reprezantan lalwa ta mande.
- A “coroner”, medsen lejist, ak direktè palwa finèb.
- Pou fonksyon gouvènman spesyalize kòm sekirite nasyonal ak ransegman.
- A yon sant korèksyonèl si ou se yon prizonye.

Nan ka ijans, si nou paka jwenn pèmisyon ou, nou ka bezwen pataje enfòmasyon pèsònèl ou jan li ta nesèsè pou asire sante ou ak sekirite ou.

Kolekte Fon ak Maketinn:

Li strikteman entèdi pou The Home for Little Wanderers van enfòmasyon sante pèsònèl ou san ou pa bay òtorizasyon ou a lekri.

Gen sikonstans ke The Home ka kontakte ou konsènan aktivite koleksyon fòn, ou gen dwa chwazi pou pa resevwa kalite kominikasyon sa yo.

Ki moun pou Kontakte

Si ou ta renmen gen plis enfòmasyon, ou ka mande pou yon kopi Avi Pratik Konfidansyalite nou an. Nou ka jwenn kopi nan tout biwo ak pwogram nou yo, epi sou websit nou an nan www.thehome.org/HIPAA.

Si ou santi yo vyole dwa konfidansyalite ou, ou gen dwa pou notifie The Home for Little Wanderers pa rele Ofisye Konfidansyalite The Home nan 617-267-3700, oubyen voye yon imèl nan HIPAA@thehome.org, oubyen voye yon lèt bay:

HIPAA Privacy Officer
Risk Management, Evaluation, and Outcomes Department
The Home for Little Wanderers
10 Guest Street
Boston, MA 02135

Epitou ou ka anrejistre yon plent ak Sekretè Sante ak Sèvis Imèn nan Washington, D.C. Nou p ap pran okenn aksyon kont ou poutèt ou anrejistre yon plent.

Chanjman nan Pratik Konfidansyalite nou

The Home rezeve dwa pou fè nenpòt ki revizyon nan pratik konfidansyalite l yo, è fè nouvo pratik yo efektif pou tout enfòmasyon nou kenbe yo. Avi revize yo pral disponib pou ou.

Rezime sa dekri brèvman kijan yo ka sèvi ak pataje enfòmasyon medikal ou an epi kijan ou ka gen aksè a enfòmasyon sa. Epitou li pale sou dwa ou genyen pou mande ke nou pataje enfòmasyon ou nan yon fason an patikilye.

Tanpri revize enfòmasyon sa byen.

The Home for Little Wanderers se yon òganizasyon non likratif ki pi ansyen nan nasyon an ak yon nan pi gwo ajans sèvis pou timoun ak fanmi nan New England, ki gen orijin li depi 1799. Misyon The Home se pou asire devlopman emosyonèl, mantal, ak sosyal pozitif timoun ki nan risk, fanmi yo ak kominote yo. Nou fè sa atravè yon seri pwogram entèkiltirèl ki enkli sèvis anfantin, sipò ki konsantre sou fanmi baze lakay yo, edikasyon espesyal, tretman terapi

rezidansyèl, adopsyon, kay akèy entansif, preparasyon edikasyonèl ak viv endepandan pou jèn jan ki depase laj pou sou responsabilite leta.

Ak oreske 600 anplwaye, sèvis komplè ka p kontinye epi devouwe pou defan entere, The Home ede milye timoun ak fanmi chak ane. N ap fè tout efò pou asire ki pwogram nou yo yon pati entegral kominote kote y ap viv. Pou ke timoun yo ak fanmi yo resevwa sèvis kote ki miyo pou yo. Sa ka lakay timoun lan, nen lekòl li an, nan klinik li ale, lopital oubyen nan yon anviwonman rezidansyèl terapi.

Nou relye regleman, pratik ak pwogram rechèch pou mezire efè travay nou an. Sa nou aprann ede nou devlope ak amelyore pwogram nou yo epi pou nou yon bon vwa pou *tout* timoun ak fanmi yo è non sèlman pou moun nou okipe direkteman.

10 Guest Street, Boston, MA 02135

t. 617-267-3700

f. 617-267-8142

888-HOME-321

www.thehome.org